

MESAJ SOU

Vaksinasyon COVID-19 pou timoun ki gen 6 mwa jiska 5 lane

Mesaj kout epi ki baze sou sa ki pase kapab ede ou pale sou vaksen COVID-19 pou timoun ki gen 6 mwa jiska 5 lane.

Timoun piti yo kapab malad anpil lè yo gen COVID-19.Yo kapab simaye viris la.

- Timoun yo kapab malad anpil lè yo gen COVID-19.Li kapab lakòz yo entène, gen konplikasyon sante sou yon peryòd ki long, oswa yo ka menm malad.Gen dizèn milye timoun ak adolesan ki gen COVID-19 ki te al entène lopital, epi COVID ki long la kapab parèt nan pami timoun yo.
- Epitou, timoun yo kapab simaye viris la bay lòt moun, li gen ladan I manm fanmi ki pi aje yo.

Vaksen COVID-19 la se pi bon fason pou pwoteje timoun yo pou yo pa malad anpil ak viris lan.

- Vaksen an ede pwoteje jenn timoun ki pa kapab mete mask oswa kenbe distans sosyal tou.
- Lè nou vaksinen timoun yo li ede pwoteje moun ou renmen pou yo pa malad anpil ak COVID-19 la tou.

Lè nou vaksinen li ede anpeche timoun yo malad anpil ak COVID-19.

- Menm jan ak adilt yo, timoun ki vaksinen yo ka toujou pran COVID la, men lè ou pran vaksen an li konte.Li ede evite yo malad anpil.

Timoun yo ta dwe toujou vaksinen, menm lè yo te gen COVID-19 deja.

- Moun ki vaksinen nèt gen pi bon pwoteksyon pase moun ki te kontamine sèlman avèk COVID-19.
- Si timoun ou an te gen COVID, li kapab pran vaksen an depi li refè ak maladi an epi peryòd izòlman li an fini.

Ou ta dwe vaksinen timoun ou anmenm si ou te pran vaksen an pandan gwochè lan oswa si ou te pran vaksen an lè ou t ap ba li tete.

- Menm si antikò yo kapab transmèt pandan gwochè ak alètman an, pwoteksyon an kapab diminye pandan tan an ap pase.

Esè klinik yo te montre vaksen COVID-19 la san danje ak efikas.

- Nou te etidye sekirite vaksen an lakay plis pase 10,000 timoun ki gen 6 mwa jiska 5 lane.Gen kèk timoun ki te gen efè sekondè lejè tankou fatig oswa lafyèv, men yo pa t rete konsa pandan anpil tan epi yo tout te vin refè byen rapid.
- Vaksen COVID-19 pou timoun yo se yon kalite vaksen ki rele vaksen ARNm (Asid Ribonikleyik Mesaje), te gen etid ki te fèt sou moun ak sou bète pandan plizyè ane, yo pa jwenn efè sekondè sou yon peryòd ki long.

Tout vaksen COVID te pase yon egzamen ki fèt avèk anpil presizyon anvan yo otorize yo pou yon gwoup laj espesifik, li gen ladan I vaksen pou timoun piti yo.

- Efè sekondè vaksen an jeneralman lejè epi li pa rete pou anpil tan.
- Gen kèk timoun ki ka genefè sekondè lejè tankou fatig, tèt fè mal, oswa lafyèv menm jan ak lòt vaksen yo.Se siy ki montre kò a ap konstrui pwoteksyon kont COVID.

Vaksen COVID-19 la efikas pou timoun yo.

- Esè klinik yo te pwouve vaksen pedyatrik la se yon fason efikas pou anpeche COVID ak maladi grav lakay timoun piti yo.
- Esè klinik yo te montre vaksen pou timoun piti yo efikas pou diminye nivo enfeksyon an epi kreye nivo iminite ki menm jan lakay timoun yo ak adolesan ak adilt yo.

Timoun yo kapab pran vaksen an nan men pwofesyonèl swen sante yo an oswa nan sant sante ak lòt kote ki ofri vaksinasyon pou timoun piti.

- Si li posib, kontakte pwofesyonèl swen sante timoun ou an pou pwograme yon randevou.
- Si timoun ou an pa gen yon pwofesyonèl swen sante, itilize VaxFinder.mass.gov pou pran yon randevou nan yon famasi, sant sante, oswa lòt kote ki bay timoun piti vaksen an.
- Vaksinasyon Adomisil yo disponib pou nenpòt moun ki gen difikilte pou itilize yon adrès vaksinasyon komunitè.

**Jwenn plis enfòmasyon sou
mass.gov/CovidVaccineYoungKids**



Massachusetts
Department of
Public Health

